

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil ieu panalungtikan jeung pedaran, di handap ieu dipedar kacindekan tina hasil panalungtikan anu geus dilakukeun ngeunaan kamampuh nulis paparikan ka siswa kelas VIII I SMP Negeri 3 Lembang taun ajaran 2013/2014 saméméh (*pretést*) jeung sabada (*postést*) ngagunakeun model pangajaran *Numbered Heads Together*.

Kamampuh awal nulis paparikan siswa rata-rata peunteunna nyaéta 64,7. Kriteria peunteun nulis paparikan, ngawengku lima aspék nyaéta aspék guru wilangan, hubungan antarpada jeung padalisan, éjahan, pilihan kecap, jeung karapihan tulisan. Aspék guru wilangan rata-rata peunteunna nyaéta 75,12. Hubungan antarpada jeung padalisan rata-rata peunteunna 66,25. Éjahan rata-rata peunteunna nyaéta 56,25. Pilihan kecap rata-rata peunteunna 63,87. Aspék karapihan tulisan rata-rata peunteunna 62,85. Dumasar hasil data tés awal, bisa dicindekkeun yén kamampuh nulis paparikan siswa kelas VIII I SMP Negeri 3 Lembang saméméh ngagunakeun model pangajaran *Numbered Heads Together* siswa can mampuh nulis paparikan lantaran rata-rata peunteunna can mampuh ngahontal skor maksimal.

Kamampuh ahir nulis paparikan siswa rata-rata peunteunna nyaéta 76,25. Kriteria peunteun nulis paparikan, anu ngawengku lima aspék nyaéta aspék guru wilangan, hubungan antarpada jeung padalisan, éjahan, pilihan kecap, jeung karapihan tulisan. Aspék guru wilangan rata-rata peunteunna nyaéta 87,63. Hubungan antarpada jeung padalisan rata-rata peunteunna 73,13. Éjahan rata-rata peunteunna nyaéta 73,76. Pilihankecap rata-rata peunteunna 71,4. Sarta aspék karapihan tulisan rata-rata peunteunna 75,88. Tina data tés ahir, bisa dicindekkeun yén kamampuh nulis paparikan siswa kelas VIII I SMP Negeri 3 Lembang sabada ngagunakeun model pangajaran *Numbered Heads Together* siswa geus mampuh nulis paparikan lantaran rata-rata peunteunna geus mampuh ngahontal skor maksimal.

Nuraeni, 2014

*Modél Pangajaran Numbered Heads Together (Nht) Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Paparikan*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Cindekna, kamampuh nulis paparikan siswa kelas VIII I SMP Negeri 3 Lembang antara saméméh jeung sabada ngagunakeun model pangajaran *Numbered Heads Together* hasilna ngaronjat. Tina data tés awal, rata-rata peunteunna nyaéta 64,7 sedengkeun tina data tés ahir rata-rata peunteunna ngaronjat jadi 76,25.

Hal éta nuduhkeun yén aya béda anu signifikan antara kamampuh awal nulis paparikan jeung kamampuh ahir nulis paparikan siswa kelas VIII I SMP Negeri 3 Lembang. Dina taraf kapercayaan 99%, hipotesis kerja ( $H_a$ ) ditarima jeung hipotésis nol ( $H_0$ ) ditolak,  $t_{itung} > t_{tabel}$  nyaéta  $9,95 > 2,45$ . Ieu hal ngabuktikeun yén model pangajaran *Numbered Heads Together* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis paparikan siswakelas VIII I SMP Negeri 3 Lembang.

## 5.2 Saran

Sabada ngalaksanakeun ieu panalungtikan ngeunaan model pangajaran *Numbered Heads Together* dina pangajaran nulis paparikan ka siswa kelas VIII I SMP Negeri 3 Lembang hasilna nétélakeun, yén model pangajaran *Numbered Heads Together* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis paparikan. Ku kituna, dipiharep ieu model pangajaran téh bisa jadi salah sahiji *alternatif* dina pangajaran nulis, hususna dina nulis paparikan.

Saran ieu panalungtikan, nyaéta sangkan guru bisa ngagunakeun model pangajaran anu saluyu jeung matéri anu rék ditepikeun dina proses diajar-ngajar. Pikeun siswa, kuayana model pangajaran anu digunakeun ku guru, dipiharep siswa bisa ngaronjatkeun motivasi diajarna, hususna dina pangajaran basa Sunda. Sarta umumna, dipiharep aya panalungtikan-panalungtikan séjén ngeunaan model pangajaran *Numbered Heads Together* anu ambahanana leuwih jembardeui.